

Rezime Egzekitif—Pwogram Amelyorasyon Transpòtasyon Ane Fiskal Federal 2020-24

ES.1 Entwodiksyon

Plan investisman kapital pou senk (5) ane Òganizasyon Planifikasyon Rejyon Metwopoliten Boston an (Metropolitan Planning Organization, MPO), Pwogram Amelyorasyon Sèvis Transpòtasyon (Transportation Improvement Program, TIP) Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Years, FFY) 2020-24 la, se pwogram investisman tou pre-tèm pou sistèm transpòtasyon rejyon an. Gide avèk vizyon, aspirasyon epi objektif MPO rejyon Boston an, TIP mete aksan sou investisman ki konsève sistèm transpòtasyon aktyèl la nan yon bon eta, bay sèvis transpòtasyon an sekirite pou tout mòd, amelyore kalite lavi, epi amelyore mobilite nan tout rejyon an. Investisman sa yo finanse pi gwo rekonstriksyon otowout, amelyore wout ateryèl ak entèseksyon yo, antretyen ak agrandisman sistèm sèvis transpòtasyon piblik la, konstriksyon wout pou bisiklèt, ak amelyorasyon enfrastrikti pou pyeton yo.

Se yon komite ki gen 22 manm k ap dirije MPO Rejyon Boston an ki gen reprezantan ajans eta yo ladan li, òganizasyon rejyonal yo, ak minisipalite yo; jiridiksyon li yo pwolonje sòti nan Boston ale nan nò rive Ipswich, sid Marshfield, ak lwès nan minisipalite yo toutolon Interstate 495. Chak ane, MPO an mennen yon pwosesis pou deside kijan pou li depanse fon sèvis transpòtasyon federal pou pwojè enpòtan yo. Estaf Planifikasyon Sèvis Transpòtasyon Santral (Central Transportation Planning Staff, CTPS) la, ki se estaf nan MPO an, jere pwosesis devlopman TIP la.

Estaf MPO an kowòdone evalyasyon demann finansman pwojè yo, pwopoze pwogram pwojè aktyèl ak nouvo yo ki gen pou baz nivo finansman antisipe yo, bay sipò ak MPO an pou devlope yon bwouyon dokiman TIP, epi fasilite yon revizyon piblik bwouyon an anvan MPO an andose dokiman final la.

ES.2 INVESTISMAN TIP ANE FISKAL FEDERAL 2020-24

Pwogram konplè TIP la disponib nan Chapit 3 ki nan dokiman sa a epi sou entènèt nan www.ctps.org/tip. Tablo TIP yo bay detay sou kijan finansman an depataje nan chak pwojè ki pwograme epi pwogram investisman kapital la. Tablo sa yo òganize pa ane fiskal federal, epi yo gwoupe pa otowout ak pwogram sèvis transpòtasyon piblik yo.

ES.2.1 Pwogram Otowout

Pwogram Otowout TIP la finanse pwojè sèvis transpòtasyon ki gen priyorite yo ke Depatman Sèvis Transpòtasyon Massachusetts (Massachusetts Department

of Transportation, MassDOT) pwopoze epi vil yo ak komin ki nan rejyon MPO an. Pwogram lan repati sitou pou konsève epi modènize rezo wout ki deja egziste pandan y ap re-asfalte otowout yo, ranplase pon yo, ak rekonstwi wout ateryèl yo.

Nan Massachusetts, MassDOT depataje finansman Pwogram Èd Federal Otowout (Federal-Aid Highway Program) lan, ki repati finansman pou fon peman Nòt Sibvansyon Antisipasyon (Grant Anticipation Notes, GANs), plizyè pwogram nan tout eta a, ak Objektif Rejyonal pou eta MPO an. Nan Ane Fiskal Federal (FFYs) 2020–24 TIP la, wout, pon, ak bisiklèt epi pwogram pou pyeton yo reprezante yon finansman pou plis pase 1.2 milya dola nan rejyon Boston an. Finansman Objektif Rejyonal MPO an kapab pwograme pwojè selon diskresyon chak MPO, tandiske MassDOT gen diskresyon pou pwopoze pwojè li rekòmande yo pou pwogram atravè tout eta a, tankou sa ki gen rapò ak reparasyon pon yo ak antretyen otowout ki lye eta yo.

ES.2.2 Pwogram Transpòtasyon Piblik

Pwogram Transpòtasyon Piblik TIP la finanse pwojè ak pwogram ki abòde bezwen kapital pou twa (3) otorite sèvis transpòtasyon yo nan rejyon an: Otorite Sèvis Transpòtasyon Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Transportation Authority, MBTA), Otorite Sèvis Transpòtasyon Cape Ann (Cape Ann Transportation Authority, CATA), ak Otorite Sèvis Transpòtasyon Piblik MetroWest (MetroWest Regional Transit Authority, MWRTA). Pwogram Sèvis Transpòtasyon Piblik la dedikase prensipalman pou reyalize epi kenbe an bon eta tout byen atravè sistèm sèvis transpòtasyon piblik la. Ane Fiskal Federal (FFYs) 2020-24 TIP la ki gen ladan li \$3.2 milya dola envestisman nan sèvis tranpò piblik atravè otorite sèvis transpò piblik la ki pral sipòte yon eta bon reparasyon, modènize sistèm sèvis transpò piblik yo, epi ogmante aksè ak sèvis transpò piblik la. Pwojè Green Line Extension an se yon pwojè enpòtan ki pwograme nan TIP sa a ki pral elaji sèvis transpò piblik la. Anplis, pandan elaborasyon Ane Fiskal Federal (FFYs) 2020-24 TIP a, MPO an te decide repati yon pòsyon fon Sib Rejyonal la nan ane fiskal 2021 an a MBTA pou modènizasyon sèvis transpò piblik la.

ES.3 DETAY PWOGRAM SIB REJYONAL LA


Pandan Ane Fiskal Federal (FFYs) 2020–24 la, MPO Rejyon Boston an planifye pou finanse 47 pwojè ak pwogram ak finansman Sib Rejyonal li yo:

- 26 pwojè Konpete Ri, tankou reyabilitasyon nan Essex Street nan Lynn
- Kat pwojè Enfrastrikti Enpòtan, tankou rekonstriksyon Rutherford Avenue nan Boston

- Onz pwojè amelyorasyon entèseksyon, tankou amelyorasyon entèseksyon Lowell Street ak Woburn Street nan Wilmington.
- Kat Pwojè Koneksyon Rezo Bisiklèt ak Pyeton, tankou agrandisman Greenway Independence lan nan Peabody
- Yon Pwogram Transpòtasyon Kominotè, ki pral sipòte pwojè ki asire koneksyon premye ak dènye kilomèt yo nan rejon an
- Yon Pwogram Modernizasyon MBTA, ki pral sipòte akselerasyon pwogram kapital Eta Bon Reparasyon MBTA.

Dyagram ES-1 demontre kijan finansman Objektif Rejyonal la pou Ane Fiskal Federal (FFYs) 2020-24 yo repati nan pwogram investisman MPO yo. Jan tablo a montre sa, Pwogram Objektif Rejyonal MPO Boston an dedye sitou pou modènize ak agrandi rezo sèvis transpòtasyon a atravè investisman Enfrastrikti Enpòtan ak Konplete Rii yo.

Dyagram ES-1
Ane Fiskal 2020-24 Sib Finansman Rejyonal TIP
Pa Pwogram Envèstisman




Pwogram Sib Rejyonal Boston: \$533.2

Investisman sa yo pral aplike nan 39 vil ak vilaj nan tout rejyon MPO an, sòti nan katye ki gen gwo dansite yo, kominote nwayo santral ki bati yo jiska

devlopman banlye yo. Dyagram ES-2 idantifye kalite kominote yo — jan Konsèy Planifikasyon Zòn Metwopoliten an defini sa a (Metropolitan Area Planning Council, MAPC) — ki pral resevwa envestisman sa yo.

Dyagram ES-2
Minisipalite MPO yo gen Pwogram Pwogram TIP Ane Fiskal 2020–24 pa Kalite Kominote



- Envestisman nan *banlye ki an devlopman* yo gen ladan li rekonstriksyon wout ak amelyorasyon koridò nan Bellingham, Cohasset, Hopkinton, Ipswich, Littleton, ak Walpole; ak amelyorasyon entèseksyon nan Littleton ak Wrentham.
- Envestisman *Sant Rejyonal Iben* yo gen ladan yo amelyorasyon entèseksyon nan Beverly, Framingham, ak Norwood; amelyorasyon pou pyeton ak bisiklèt nan Peabody ak Framingham; ak amelyorasyon wout ak amelyorasyon koridò nan Beverly, Framingham, Lynn, Milford, Peabody, Quincy, ak Woburn.
- Envestisman *nwayo santral* yo gen ladan yo rekonstriksyon koridò nan Boston, Chelsea, Everett, Malden, Newton, Watertown, ak Winthrop; ak Green Line Extension nan Cambridge, Medford, ak Somerville.
- Envestisman nan *banlye ki gen matirite* yo gen ladan yo amelyorasyon entèseksyon nan Acton, Marblehead, Reading, Wilmington, ak Ashland; agrandisman wout pou bisiklèt nan Bedford ak nan Sudbury; yon

pwogram sèvis transpòtasyon kominotè nan Burlington; ak amelyorasyon koridò nan Ashland, Dedham, Holbrook, Hull, Wilmington, Hingham, ak Needham.

ES.4 FINANSE ANE FISKAL FEDERAL 2020-24 TIP LAN

ES.4.1 Pwogram Otowout

Pwogram Otowout TIP te devlope ak sipozisyon ke finansman federal pou eta a t ap varye ant 676 milyon dola ak 739 milyon dola chak ane sou senk (5) lane k ap vini yo la (montan sa yo gen sèlman fon federal yo ladan yo epi yo rantre fon yo rezève pou peman Pwogram Akselere Bridge lan (Accelerated Bridge Pwogram).

Pwosesis pou decide sou kijan pou itilize finansman federal sa a nan rejyon Boston an swiv plizyè etap. Premyèman, MassDOT mete apa finansman pou sèvis peman dèt GANs pou Pwogram Akselere Bridge; Peman chak ane GANs yo varye ant 81 milyon dola ak 98 milyon dola sou senk (5) lane TIP sa a.

Rès fon Pwogram Èd Federal Otowout yo rantre nan bidjè pou sipòte priyorite eta a ak priyorite rejyonal yo (sa vle di, MPO an). Pandan sik planifikasyon sa a, 734 milyon dola jiska 792 milyon dola chak ane te disponib pou pwogramasyon nan tout eta a (kantite lajan sa yo gen ladan yo ni lajan federal ak finansman lokal la). MassDOT òdinèman bay finansman lokal la (Lòt antite yo kapab tou); konsa, anjeneral pwojè yo finance avèk 80 pousan lajan federal lan epi 20 pousan lajan eta a, selon pwogram finansman an.

Aprè sa, MassDOT repati finansman an atravè kategori finansman sa yo:

- **Pwogram Kredib:** Pwogram sa yo gen ladan Pwogram Bridge lan — ki gen enspeksyon, antretyen sistematik, ak Sistèm Nasyonal Otowout (National Highway System, NHS) ak amelyorasyon ki pa NHS — Pwogram Asfalt, Pwogram Amelyorasyon Wout yo, ak Pwogram Amelyorasyon Sekirite yo.
- **Pwogram Modènizasyon:** Pwogram sa yo gen ladan yo Pwogram Lwa Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA), Pwogram Amelyorasyon Entèseksyon, Pwogram Sistèm Sèvis Transpòtasyon Entelijan (Intelligent Transportation Systems, ITS), ak Pwogram Rekonstriksyon Wout la.
- **Pwogram Agrandisman:** Pwogram sa yo gen ladan yo Pwogram pou Bisiklèt ak Pyeton ak Pwogram Kapasite.

Pou fini, yon fwa yo fin reponn ak bezwen sa yo, MassDOT repati finansman ki rete a nan mitan eta MPO an pou pwogramasyon. Finansman fakiltatif sa a pou MPO an gen yon fòm ki repati pou detèmine kantite lajan objektif rejyonal yo. MassDOT tabli objektif sa yo an konsiltasyon avèk Asosyasyon Ajans Planifikasyon Rejyonal Massachusetts yo (Massachusetts Association of Regional Planning Agencies, MARPA).

TIP sa a te pwograme ak sipozisyon ke MPO rejyon Boston an genyen ant 102 milyon dola ak 110 milyon dola chak ane pou montan Objektif Rejyonal yo (ki gen ladan li finansman federal ak finansman eta a pou finansman lokal la).

Chak MPO kapab deside sou kijan pou li mete aksan sou finansman Objektif Rejyonal li yo. Parapò ak finansman Objektif Rejyonal la se yon pati nan Pwogram Otowout la, MPO an anjeneral pwograme plis pase mwatye finansman pou pwojè wout yo; sepandan, MPO an te fè repatisyon pati finansman gran wout li yo nan Pwogram Sèvis Transpòtasyon Piblik pou ni agrandisman sèvis transpòtasyon piblik ak pwojè modènizasyon sèvis transpòtasyon piblik. Pwogram Otowout TIP a bay detay sou pwojè yo ki pral jwenn finansman Objektif Rejyonal nan men MPO Rejyon Boston an ak pwojè enfrastrikti tout eta a nan tout rejyon Boston an.

ES.4.2 Pwogram Transpòtasyon Piblik

FTA repati lajan ki te pwograme yo nan Pwogram Sèvis Transpòtasyon Piblik TIP selon fòmil la. Twa otorite rejyonal sèvis transpòtasyon piblik nan zòn MPO Rejyon Boston kouvri an ki resevwa lajan sa yo se MBTA, CATA, ak MWRTA. MBTA a, ak anpil pwogram transpòtasyon piblik ak enfrastrikti li yo, se benefisyè pi gwo kantite lajan sèvis transpòtasyon piblik federal nan rejyon an.

Anba lwa sèvis transpòtasyon federal la, Lwa Ameriken Sèvis Transpòtasyon Tè a (Lwa FAST), finansman an repati nan kategori sa yo:

- **Seksyon 5307 (Fòmil Sibvansyon Zòn Iben):** Bay sibvansyon nan zòn iben pou bay sipò ak sèvis transpòtasyon piblik selon nivo sèvis transpòtasyon piblik la, popilasyon an, ak lòt faktè yo
- **Seksyon 5337 (Wout Ray/Bis Repare):** Ap chache kenbe sistèm sèvis transpòtasyon piblik la nan yon eta bon reparasyon atravè pwojè ranplasman ak pwojè reyabilitasyon enpòtan yo
- **Seksyon 5339 (Bis ak Etablisman Bis yo):** Finanse pou ranplase, reyabilite, ak achte bis yo epi ekipman ki gen rapò yo, epi konstwi etablisman ki gen rapò ak bis yo
- **Seksyon 5309 (Sibvansyon Envestisman Kapital Wout Ray Repare):** Bay sibvansyon pou nouvo ak agrandisman wout ray, bis transpòtasyon piblik rapid, ak sistèm bato ferry ki reflekte priyorite lokal yo pou amelyore opsyon sèvis transpòtasyon nan koridò prensipal yo.
- **Seksyon 5310 (Mobilite Amelyore Granmoun Aje yo ak Moun Andikape yo):** Bay finansman pou sipòte sèvis transpòtasyon pou reponn ak bezwen espesyal granmoun aje yo ak moun ki gen andikap yo

ES.5 PWOSIS DEVLOPMAN TIP LAN

ES.5.1 Apèsi

Pandan y ap detèmine ki pwojè yo dwe finanse atravè pwosesis finansman Objektif Rejyonal la, manm MPO yo ap kolabore avèk minisipalite yo, ajans leta yo, manm piblik la, gwoup defans yo, ak lòt patnè yo. MPO an itilize kèk kritè evalyasyon nan pwosesis seleksyon pwojè li yo pou ede idantifye epi mete aksan sou pwojè ki fè objektif MPO yo avanse, ki nan kategori sa yo:

- Sekirite
- Sistèm Prevansyon
- Jesyon Kapasite/Mobilite
- Lè Pwòp/Kominote Dirab
- Egalite Transpòtasyon
- Vitalite Ekonomik

Anplis, MPO an te tabli pwogram investisman yo, ki fèt pou oryante finansman Objektif Rejyonal pou zòn MPO an mete aksan sou yo pandan 25 lane k ap vini yo la, pou ede reponn ak objektif sa yo. Pwogram investisman yo konsa:

- Amelyorasyon Entèseksyon yo
- Konplete Ri yo
- Enfrastrikti Enpòtan
- Rezo Bisiklèt ak Koneksyon pou Pyeton yo
- Transpòtasyon Kominotè/Pakin/Lè Pwòp ak Mobilite

Pwojè MPO an chwazi yo pou resevwa finansman Objektif Rejyonal nan pwosesis devlopman TIP lan gen ladan yo youn nan senk (5) pwogram ki site anwo an.

Nan dènye ane yo, MPO an te gen pratik planifikasyon ladan li ak pwogramasyon ki gen pou baz pèfòmans (performance-based planning and programming, BPP) nan pratik devlopman TIP li yo ak lòt pwosesis yo. Pratik sa yo fèt pou ede dirije fon MPO an pou reyalize rezilta espesifik pou sistèm sèvis transpòtasyon a. Objektif ak pwogram investisman MPO an se eleman enpòtan nan sistèm PBPP li yo. Nan ane fiskal (FFY) 2018, MPO an te kòmanse fikse objektif pou kèk mezi pèfòmans espesifik. Tanzantan, MPO an pral pi byen tabli lyen ant objektif pèfòmans li yo, desizyon investisman yo, epi aktivite siveyans ak evalyasyon yo.

ES.5.2 Sansibilizasyon ak Rasanbleman Done

Pwosesis sansibilizasyon an kòmanse byen bonè nan ane fiskal federal la, lè vil yo ak tout komin yo chwazi kontak TIP a epi kòmanse devlope yon lis pwojè

priorite yo konsidere antanke finansman federal, epi estaf MPO an mande estaf vil yo ak tout komin nan rejyon an pou yo idantifye pwojè enpòtan yo.

Estaf MPO an konpile demann finans pwojè an nan yon *Inivè Pwojè ki pa Pwograme*, yon lis tout pwojè ki idantifye antanke kandida potansyèl pou resevwa finansman atravè TIP la. *Inivè a* gen ladan li pwojè konsepsyon ki konplètman fini epi pare pou yo pibliye pou konstriksyon, sa yo ki gen yon kòmansman ak konsepsyon preliminè, ak pwojè yo toujou nan estad konsepsyon oswa etap planifikasyon. Estaf MPO an kolekte done tou sou chak pwojè *Inivè* pou yo kapab evalye yo.

ES.5.3 Evalyasyon Pwojè

Estaf MPO an evalye pwojè yo sou baz kijan yo byen abòde objektif MPO yo. Nan objektif pou estaf MPO an mennen yon evalyasyon konplè pwojè a, pwojè a dwe gen yon rapò konsepsyon ki an fonksyon oswa dwe a 25 pousan nan estad konsepsyon; oswa plan li yo dwe gen ladan li nivo detay konsepsyon ki detèmine nan yon rapò ki an fonksyon. Yo mete rezilta evalyasyon yo sou sit entènèt MPO an kote pwomotè pwojè yo, otorite minisipal yo, ak manm piblik yo kapab revize yo epi bay kòmantè yo.

ES.5.4 Jou Preparasyon TIP

Yon etap enpòtan nan pwogramasyon TIP la pran plas nan mitan sik devlopman TIP la nan yon reyinyon—ke yo refere antanke Jou Preparasyon TIP—ni MassDOT ak estaf MPO an patisipe. Nan reyinyon sa a, jesyonè pwojè MassDOT yo bay dènye nouvèl konsènan pri ak chanjman orè ki gen rapò ak pwojè aktyèl ki pwograme yo. Yo dwe konsidere chanjman pri ak orè sa yo menm jan estaf MPO an ede konsèy MPO an konsidere mizajou ane yo ki deja pwograme nan TIP a, menm jan ak nouvo pwojè ane sa yo ajoute nan TIP a.

ES.5.5 Rekòmandasyon Estaf la ak Bwouyon TIP

Avèk èd rezilta evalyasyon ak enfòmasyon yo sou pwojè preparasyon an (ki se, lè konsepsyon yon pwojè gen chans fèt nèt epi prè pou konstriksyon), estaf la prepare *Lis Pwojè Premye Nivo yo*. Lis sa a gen ladan li pwojè sa yo yon pwomotè pwojè sipòte (yon minisipalite oswa MassDOT) ak ki ta kapab pare pou fè piblisite pandan peryòd TIP pwojè a—senk (5) ane fiskal federal yo. Yo klase pwojè yo sou baz rezilta evalyasyon yo.

Estaf MPO an aprèsa ap prepare yon rekòmandasyon oswa yon seri senaryo pwogramasyon sou kijan pou pwograme finansman Objektif Rejyonal la nan TIP a sou baz Lis Pwojè Premye Nivo yo ak lòt konsiderasyon yo, tankou si yon pwojè rantre nan LRTP a, abòde yon bezwen sèvis transpòtasyon yo idantifye, oswa fè pwomosyon distribisyon investisman sèvis transpòtasyon nan tout rejyon an.

Rekòmandasyon estaf la toujou limite sou plan finans—ki vle di, sou rezèv finansman ki disponib. Te gen apeprè 533 milyon dola finansman Objektif

Rejyonal ki disponib nan MPO Rejyonal Boston an pou Ane Fiskal Federal (FFYs) 2020-24 la. Ane sa a, MPO an te diskite sou rekòmandasyon estaf yo ak pwogramasyon senaryo yo pou Pwogram Objektif Rejyonal la pou pwojè otowout yo epi chwazi yon pwogram prefere nan mwa mas la.

Anplis yo mete aksan sou finansman Objektif Rejyonal la, MPO an revize ak apwouve tou Eleman Enfrastrikti Tout Eta a ak Pwogram Bridge MassDOT rekòmande pou pwogramasyon. MPO an revize ak apwouve tou pwogram fon yo pou pwogram enpòtan MBTA, CATA, ak MWRTA.

ES.6 APWOUVE TIP LA

Lè yo fin chwazi yon senaryo pwogramasyon prefere, anjeneral se nan mwa avril, MPO an vote pou li pibliye bwouyon TIP la pou yon peryòd 21 jou revizyon piblik, pandan MPO an envite manm piblik la, otorite minisipal yo, ak lòt patnè nan rejyon Boston an pou revize pwogram yo pwopoze a. Pandan peryòd tan revizyon piblik la, estaf MPO an òganize reyinyon piblik nan estil pòt ouvèt pou diskite sou dokiman bwouyon TIP la epi pou resevwa kòmantè adisyonèl.

Lè peryòd tan revizyon piblik la fini, MPO an revize tout kòmantè minisipal ak piblik yo epi li kapab chanje kèk eleman nan dokiman an oswa pwogramasyon li yo. Apresa MPO an apwouve TIP an epi li soumèt li bay Administrasyon Federal Otowout (Federal Highway Administration, FHWA) la ak Administrasyon Sèvis Transpòtasyon Federal (Federal Transit Administration FTA) la pou yo apwouve li. MassDOT entegre TIP MPO an apwouve a nan Pwogram Amelyorasyon Sèvis Transpòtasyon Eta a (State Transportation Improvement Program, STIP). FHWA, FTA, ak Ajans Pwoteksyon Anviwònman Ameriken revize sètifikasyon STIP a avan dat 30 septanm, ki se fèmte ane fiskal federal la.

ES.7 MIZAJOU SOU TIP LA

Menm lè yo fin finalize TIP a, modifikasyon administratif, amannman, ak ajisteman yo dwe prezante yo souvan lakòz chanjman ki gen nan estati pwojè a, pri pwojè a, oswa revni ki disponib yo. Sa kapab neseseite yon lòt pwogramasyon yon pwojè nan yon ane ki diferan ak finansman an oswa pwogramasyon finansman adisyonèl pou yon pwojè.

Yo afiche nòt modifikasyon administratif ak amannman yo sou sit entènèt MPO an. Si yon amannman nesese, Konsèy Enfòmasyon pou Sèvis Transpòtasyon Rejyonal la — enfòm komite enfòmasyon piblik MPO an, — epi MPO an enfòm minisipalite ki konsène yo ak lòt patnè yo nan imèl. Anjeneral, MPO an òganize yon peryòd 21 jou revizyon piblik anvan li pran dènye desizyon sou yon amannman. Nan kèk sikonstans espesyal, MPO an kapab vote pou diminye sou peryòd tan kòmantè piblik la nan yon minimòm 15 jou. Modifikasyon ak ajisteman administratif anjeneral pa grav epi anjeneral ki pa gen bezwen yon peryòd tan revizyon piblik.

ES.8 RETE ENPLIKE AVÈK TIP LA

Opinyon piblik la se youn aspè enpòtan nan pwosesis planifikasyon pou sèvis transpòtasyon a. Tanpri ale vizite www.bostonmpo.org pou jwenn plis enfòmasyon sou MPO an, pou verivye tout TIP la nèt, epi soumèt kòmantè ou yo. Ou kapab vle enskri tou pou resevwa dènye nouvèl ak avi nan imèl pandan w ap kontakte publicinfo@ctps.org osinon enskri sou sit entènèt la nan www.ctps.org/subscribe

Pou fè demann youn kopi TIP la nan fòm aksesib yo, tanpri kontakte estaf MPO an nan nenpòt ki nan mwayen sa yo:

Lapòs: Boston Region MPO c/o CTPS
Certification Activities Group
10 Park Plaza, Suite 2150
Boston, MA 02116-3968

Telefòn: 857.702.3700

TTY: 617.973.7089

Faks: 617.570.9192

Imèl: publicinfo@ctps.org